



Orange County Public Schools

445 West Amelia Street • Orlando, FL 32801-1129 • Phone 407.317.3200 • www.ocps.net

7 oktòb 2021

Chè Paran / Gadyen:

Nou kontan pou fè w konnen ke salklas pitit ou a pral patisipe nan tès Devereux Student Strengths Assessment (DESSA) tès depistaj. DESSA a se yon echèl evalyason ki baze sou fòs ki mezire ladrès sosyal ak emosyonèl ke rechèch te montre ki ede elèv yo fè byen nan lekòl, nan lakay yo, ak nan kominote a.

Objektif pwogram sa a se pou pwofesè yo ak fanmi yo idantifye fòs ak amelyore ladrès sosyal ak emosyonèl yon timoun li esansyèl pou aprantisay ak siksè akademik. Ladrès sosyal inkli ladan l tankou fè ak kenbe relasyon ki an sante, travay an kolaborasyon ak lòt moun, ak rezoud dezakò nan yon fason pozitif. Ladrès emosyonèl inkli ke yon timoun kapab rekonèt pwòp emosyon yo ak emosyon lòt moun, epi demontre ke yo genyen kontwòl tèt yo.

Pwofesè pitit ou a pral konplete tès DESSA ant 18 oktob ak 16 novanm. Pitit ou a pap genyen pou li konplete anyen. Pwofesè yo ap reponn kèk ti kesyon sou fòs elèv yo parapò ak sa yo obsève nan salklas la. Leson salklas yo pral fèt yo ede tout timoun ranfòse ladrès ki deja egziste ak bati nouvo konpetans.

Enfòmasyon pèsònèl nou jwenn nan DESSA a pral pwoteje nan fason ki an sekirite ak responsab epi itilize pou bay yon eksperyans aprantisay pi rich ak pi dinamik pou pitit ou a.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan sa a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pa 10/11/21.



Siyati Direktè